Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO AP ÓGANIZE PWOJEKSYON FIM LACHAS SOU TEREN' NAN ALBANY NAN FEN SESYON AN POU POUSE LEJISLATÈ YO PASE LWA 'ENOUGH IS ENOUGH'

Gade Band Anons ak Ekstrè nan Fim lan La

Gouènè Andrew M. Cuomo today te òganize yon pwojeksyon "Lachas sou Teren," yon nouvo dokimantè ki prezante epidemi vyolans seksyèl nan kolèj ak inivèsite yo nan tout peyi a, nan Mize Eta New York nan Albany. Pwojeksyon an fè pati nan fen sesyon lejislati a pou Gouvènè a pouse pou sipò pasaj lwa Enough is Enough, sa ki pwoteje tout etidyan kolèj yo nan Eta New York nan etabli règleman inifòm ak konplè pou anpeche vyolans seksyèl.

"Sesyon sa a, pral gen pouvwa pou pase lwa ki pral pwoteje anpil etidyan New York kont agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo– kote ki ta dwe paradi," Gouvènè Cuomo te deklare. "Pwopozisyon nou an abilite etidyan yo pou kenbe tèt yo ansekirite, idantifye resous ki sou kanpis yo sizoka ta gen atak, epi kenbe otè krim yo responsab pou aksyon yo. Fim sa a ekspoze agresyon seksyèl sou kanpis yo kòm yon pwoblèm nasyonal e mwen mande lejislati a pou ede nan fè eta vini yon modèl nasyonal epi pase pwojè lwa sa a."

Avèk sèlman sis jou ki rete pou fen sesyon lejislativ sa a, anpeche agresyon seksyèl epi sipòte viktim yo atravè Enough is Enough rete youn nan pi gwo priyorite Gouvènè a. Byen bonè jodia, Magazine Billboard te pibliye yon editoryal Lady Gaga te ko-ekri ansanm avèk Gouvènè Cuomo ki mande lejislati eta pou pase pwopozisyon an. Gouvènè Adjwen an, Lidè Majorite Sena Flanagan ak yon etidyan sivivan nan Inivèsite Syracuse te rejwenn Gouvènè a, anplis de lidè yo nan eta, defansè ak manm yo nan kominote a.

"Nou dwe konbat epidemi agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo, sa vle di pase lwa Gouvènè a pou kreye yon standa nan tout eta," Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare. "Twò souvan, sivivan krim sa yo pa konnen ki kote pou yo ale oswa yo pa gen resous pou yo konnen kisa ki disponib a yo menm, men atravè pwopozisyon Gouvènè a nou ka asire ke chak lekòl asime responsabilite yo pou sipòte etidyan yo. Mwen ankouraje patnè nou yo nan lejislati a pou rejwenn nou nan lit sa, paske ansanm nou ka fè yon diferans reyèl pou etidyan kolèj New York yo."

Gouvènè a te premye pwojte “Lachas sou Teren / Hunting Ground” nan Vil New York semèn pase. Fim nan, ki dirije pa Kirby Dick epi pwodui pa Amy Ziering, mete an evidans plizyè egzanp agresyon seksyèl, te di atravè pwnedevi viktim yo. Dokimantè a detaye lit, vanjans ak asèlman viktim sa yo ap fè fas akoz move manipilasyon agresyon seksyèl sou kanpis yo ansanm avèk efè devastatè krim sa yo gen sou viktim ansanm avèk fanmi yo.

Yon bann anons TV-Quality ak ekstrè ki chwazi nan fim lan disponib pou telechaje la.

Politik repons ak prevansyon agresyon seksyèl sou kanpis Gouvènè Cuomo a gen ladan konpozan ki annaprè yo:

- Yon sistèm definisyon nan tout eta sou konsantman afimatif kòm yon akò ki klè, san ekivòk, ak volontè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl spesifik;
- Yon politik amnisti nan tout eta, pou asire ke etidyan ki rapòte ensidan agresyon seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl jwenn iminite pou sèten vyolasyon règleman sou kanpis, tankou itilizasyon dwòg ak alkòl;
- Yon deklarasyon Dwa Sivivan /Viktim Vyolans Seksyèl, kanpis yo pral gen obligasyon pou distribye bay tout etidyan yo nan fason pou enfòme spesyalman viktim vyolans seksyèl yo sou dwa legal yo ak kijan yo ka jwenn resous ki apwopriye. Deklarasyon Dwa klèman deklare ke etidyan yo gen dwa pou yo konnen ke yo ka pote rapò bay lapolis andeyò kanpis la, sa ki gen ladan lapolis Eta; ak
- Egzijans fòmasyon konplè pou administratè yo, anplwaye, ak etidyan yo enkli nan nouvo oryantasyon etidyan.

Gouvènè Cuomo te lanse kanpay Enough is Enough nan mwa fevriye, e depi lè sa li te jwenn yon gwo sipò ki soti nan yon varyete otorite piblik, òganizasyon ak gwoup kominotè, enkli:

- 17 sou 18 egzekitif konte nan tout eta;
- Whoopi Goldberg, ki te filme egalman yon videyo pou kanpay la;
- Plis pase 40 majistra vil ki soti toupatou nan eta;
- Plis pase 100 ofisyèl eli ki soti toupatou nan eta;
- Preske 20 manm nan Delegasyon Kongrè New York;
- Plis pase 50 òganizasyon lokal ak nan tout eta, anplis de 30 gwoup defans, òganizayson kominotè ak sendika;
- 28 ofisyèl sekirite piblik ki soti toupatou nan eta;
- Defansè etidyan ki soti nan Barnard College ak Syracuse, Columbia, Fordham ak inivèsite New York yo;
- Lidè Demokratik Chanm nan Nancy Pelosi; ak
- 11 kolèj prive ak inivèsite yo toupatou nan eta.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418